



NATIONWIDE CHILDREN'S
When your child needs a hospital, everything matters.™

Helping Hand™

Health Education for Patients and Families

Maladi drepanositoz (SCD) ak Sendwòm torasik egi (ACS)

Sickle Cell Disease (SCD) and Acute Chest Syndrome (ACS) (Haitian Creole)

Maladi drepanositoz (SCD) se yon maladi ki erite (yo pranl nan men paran yo). Li afekte yon pati nan globil wouj la ki rele **emoglobin**. Emoglobin transpòte oksijèn nan diferan pati nan kò a.

Yon moun ki gen SCD fè yon lòt kalite emoglobin, ki rele **emoglobin falsifòm**. Olye pou yo tou won epi lis tankou globil wouj nòmal, globil sa ki gen emoglobin falsifòm yo gen fòm yon bannann. Fòm sa a lakòz globil wouj yo kole ansanm epi bouche ti veso sangen yo. Lè sa rive, kèk pati nan kò a pa ka jwenn ase oksijèn. Lè pa gen ase oksijèn sa ka lakòz doulè epi li ka domaje kò a.

Sendwòm pwatrin egi

Sendwòm pwatrin egi (ACS) se yon gwoup sentòm ki rive lè selil falsifòm yo rasanble ansanm nan poumon yo. (Foto 1).

Sa ki ka deklanche ACS la:

- yon enfeksyon nan poumon, tankou nemoni (new.MOAN.yuh)
- yon kriz doulè - anvan, pandan oswa apre epizòd la, menm lè yon timoun nan lopital la.
- operasyon ak anestezi

ACS ka menase lavi si yo pa tretel touswit.




Foto 1 Selil falsifòm yo ka kole ansanm nan poumon yo, sa ki lakòz doulè ak pwoblèm pou respire.

Sentòm ACS

- doulè nan pwatrin
- lafyèv nan oswa pi wo pase 101° F (Fahrenheit) oswa 38° C (Sèlsiyis)
- opresyon
- respire trè vit
- touse
- manke lè, pa ka respire

Dyagnostik ak tretman

- Pou fè dyagnostik ACS, founisè swen sante a pral kòmande tès san ak yon radyografi pwatrin.
- Pou trete ACS, pifò timoun yo admèt nan lopital la epi yo siveye yo de prè. Pitit ou a pral resevwa:
 - antibyotik pou trete yon enfeksyon posib nan poumon, tankou nemoni
 - medikaman pou edel respire
 - oksijèn, si nivo oksijèn nan san li ba
 - yon transfizyon san, si sa nesèsè

Prevansyon

Prensipal fason pou anpeche ACS se lè yo fè van desann byen fon nan ti pasaj poumon yo. Pran gwo respirasyon a fon ap kenbe yo louvri. Lè ti pasaj pou respire yo bouche, selil falsifòm yo gen plis chans pou yo rasanble ansanm epi lakòz ACS.

Men kèk bagay pitit ou a ka fè nan lopital la ak lakay li poul respire pi pwofondman:

- Soti nan kabann lan epi al mache omwen 2 ou 3 fwa pa jou pandan li nan lopital la. Nan kay la, kenbel aktif. Moun gen tandans respire mwens pwofondman lè yo kouche oswa lè yo pa an mouvman.
- Respire pwofondman, menm lèw gen doulè. Lè ou gen doulè, li fasil pouw kenbe souf ou oswa esoufle san ou pa rann ou kont.
- Itilize yon **Spiromèt ensantif** (Foto 2) nan lopital la ak lè ou ale lakay ou. Aparèy sa a pral ede pitit ou a pran souf dousman, pwofondman epi ranpli poumon yo ak lè. Sèvi ak yon Spiromèt ensantif la se pi bon fason pou anpeche ACS.



Foto 2 Sèvi ak yon spiromèt ensantif.

Ki jan pou sèvi ak Spiromèt ensantif la

Di pitit ou an poul:

1. Chita dwat sou rebò kabann lan ak pyel atè. Si li pa ka chita sou rebò kabann lan, fòl chita nan kabann lan osi lwen ke li kapab.
2. Kenbe Spiromèt ensantif lan nan yon pozisyon dwat.
3. Respire nòmalman.
4. Mete pyès pou bouch la nan bouch li epi sere lè yo byen sere alantou li (Foto 3).
5. **Respire dousman e osi pwofondeman ke posib** pou fè piston ble a monte nan direksyon tèt kolòn lan. Endikatè ble a ta dwe andedan zòn ki dekri an ble a (gade Foto 3).
6. **Kenbe souf li osi lontan ke posib (pou 3 a 5 segonn) epi answit lage lè a dousman.** Kite piston an tonbe anba kolòn lan.
7. **Repoze pou kèk segonn** epi respire nòmalman.
8. Repete etap 1 jiska 7 omwen **10 fwa chak 2 èdtan pandan li reveye**, oswa jan founisè swen sante pitit ou a di.
9. Mete endikatè ble a nan pwèn ki pi wo kote li te reyisi monte piston an anvan. Sèvi ak endikatè a tankou yon objektif pou travay nan direksyon sa a. Enfimye a oswa terapèst respiratwa a ka ede fikse objektif sa a.
10. Apre chak seri 10 respirasyon pwofon, pratike touse. Sa a pral fè flèm yo monte epi ede netwaye poumon yo. Si li te opere, sipòte ensizyon an lè lap touse, mete yon zòrye byen fèm sou li.

Nòt: Respire pwofondeman ka fè mal. Li enpòtan pou fè li de tout fason pou evite ACS oswa yon enfeksyon nan poumon.

Pandan li nan lopital la, si respire pwofondeman lakòz doulè entans, pitit ou a ka pran medikaman pou doulè 20 minit anvan yo sèvi ak Spiromèt ensantif lan (oubyen peze bouton ponp medikaman pou doulè a si yap itilize youn).

Founisè swen santew la ap bay enstriksyon sou konbyen fwa pouw itilize Spiromèt ensantif lakay ou aprew fin kite lopital la.




Foto 3 Spiromèt ensantif la

Kilè pou rele 911

Rele pou èd ijans (**911**) si pitit ou a gen nenpòt nan siy sa yo:

- li pa reyaji
- li pa ka reveye

- li gen difikilte pou l respire
- li pa ka bouje yon pati nan kò a
- li pa ka bouje yon pati nan kò a

Swivi

Pitit ou a ap gen randevou nan klinik Sickie Cell (Anemi Falsifòm) la, nan Nationwide Children's Hospital. Si pitit ou a malad oswa si w gen nenpòt kesyon, rele:

- Pandan lajounen, Klinik Sickie Cell la nan (614) 722-8914
- Nan aswè ak wikenn, (614) 722-2000 epi mande pou ematològ ki degad la.
- Lendi jiska Vandredi ant 8 a.m. ak 4:30 p.m., enfimye Sickie Cell la nan (614) 722-8914 pou apèl ki pa ijan.